



# Plan Transpòtasyon Miami-Dade Jiska Lane 2030

PATISIPE.



Ete 2004

## *Planifikasyon Avni Transpòtasyon Nou*



### METE PLAN AN AJOU

Chema **Plan Transpòtasyon Miami-Dade pou Ane 2030** ap devlope pou gide depans transpòtasyon lokal, eta, federal de kounyeyan a 2030. Plan byen detaye sa a va gen yen ladan li amelyorasyon pou otowout, transpò piblik, wout bisiklèt ak pyeton.

Pwosesis devlopman Plan an genyen ladan li de mwa travay teknik ak aktivite patisipasyon piblik. Kounyeyan, devlopman Plan an ap fèt apati de divès demann dep拉斯man byen detaye baze sou de modèl previzyon ak lòt zouti pou analize travay lan. Rezilta sa yo evalue pa Konsèy Planifikasyon Transpòtasyon an ki gen manm ki fè pati reprezantan eta, rejyonal ak ajans lokal epi senp sitwayen.

#### **Modèl previzyon demann dep拉斯man an pran an konsiderasyon:**

- lokal transpò piblik yo ak sistèm wout aktyèl yo;
- anplwa ak popilasyon aktyèl la;
- kantite aktyèl vwayajè transpò piblik epi sikilasyon aktyèl lan;
- sèvis teren, popilasyon, ak anplwa nan lavni; epi
- kantite vwayajè transpò piblik nan lavni epi sikilasyon nan lavni.

#### **Konsèy Planifikasyon Transpòtasyon an, anvan li bay rekòmandasyon liyo, pran an konsiderasyon:**

- rezilta previzyon demann dep拉斯man yo;
- prezèvasyon istorik ak kontrent dwa pasaj yo;
- kalite lèzè, zòn anviwonman sansib yo, ak resous natirèl yo;
- kapasite finansye antisipe pou lavni; epi
- dezi ak tèt chaje kominote an.



Aktyèlman, yon lis pwojè, oswa Bezwen Plan yo, ap devlope pou idantifye tout fòm amelyorasyon lokal transpòtasyon ke yo pral “bezwen” pandan ane 2030 lan pou ranpli ekzijans transpòtasyon pwojete pou zòn fè lan, san sè regadan sou pri pwojè an. ‘Bezwen’ Plan yo va enkli pwojè tout fòm transpòtasyon epi va devlope de patisipasyon sitwayen yo, gouvènman lokal yo, Depatman Transpòtasyon Florid, ak ajans transpòtasyon yo. Yon analiz Resous Finansye ap mennen tou pou pwojete fon lajan disponib pou desinen ak konstwi pwojè yo.

Finalman, yon Plan Frè Reyalizab va devlope pou montre pwojè amelyorasyon pi enpòtan yo ke yo va atann aske Konte an kapab peye. Plan Frè Reyalizab la va prezante pwojè priyorite yo ki nan Bezwen Plan yo ki tonbe nan kapasite finansye Konte Miami-Dade. Nan pwochen mwa a veni yo, yon kopi chema Plan Frè Reyalizab la pral devlope.

# LI LÈ POU NOU METE PLAN TRANSPÒTASYON MIAMI-DADE LAN AJOU...

## BI YO

- Bi 1:** Amelyorasyon Sistèm Transpòtasyon ak Deplasman yo
- Bi 2:** Bay Vitalite Ekonomik Jarèt
- Bi 3:** Amelyore Benefis Sosyal yo
- Bi 4:** Adousi Enpak Anviwonmantal ak Enèji yo
- Bi 5:** Entegre Transpòtasyon ak sèvis teren yo, epi Konsiderasyon Devlopman yo
- Bi 6:** Valorize sou Estrateji Envestisman Byen Fonde

## KISA NOU KAPAB PEYE?

Se pa tout pwojè ke nou bezwen yo ki kapab bati. Pa genyen ase fon lajan pou enkli tout nan Plan Transpòtasyon an. Kiyès ladan yo ki PLIS enpòtan?

- Plis wout
- Plis ray ak bis yo
- Altènatif lè travay
- Plis Woulib Pase Chèche

## KISA NOU BEZWEN POU FÈ DEPLASMAN?

- WOUT YO
- BIS YO
- TREN YO
- TWOTWA YO
- BISIKLÈT
- TEKNOLOJI
- SANTYE POU TRANSPÒ SAN MOTÈ
- PATAJE WOULIB


Plan Transpòtasyon an pral gade kote nou vle rive epi idantifye kisa nou BEZWEN pou nou rive an tout sekirite epi ak efikasite. Bezwen ki deja egziste yo pou biznis ki sou plas yo oswa sak pral vini yo epi pou sitwayen nou yo se sa nou konsidere lè nap kreye lis pwojè nou yo. Solisyon yo pral genyen ladan yo nouvo apwòch pou ansyen pwoblèm yo.

## DONE DEMOGRAFIK AK TRANSPÒTASYON

Done demografik ak transpòtasyon enfòmasyon se sous fòs motivasyon nan devlope pwojè yo. Tablo sa a montre devlopman ki gen pou fèt ki va fòme zòn lan pandan lane 2000 rive 2030.

Enfòmasyon Demografik ak Transpòtasyon	2000	2030	Pousantaj Ogmantasyon
Popilasyon	2,204,700	3,149,300	43%
Fwaye yo	774,300	1,084,900	40%
Anplwa	1,183,300	1,590,200	34%
Oto	1,479,400	2,182,500	48%
Vwayaj yo	7,934,400	11,080,200	40%

# ZÒN PLANIFIKASYON YO AK KWASANS FITI





## 2004 Zòn Planifikasyon Transpòtasyon Konte Miami-Dade

Yo divize Konte Miami-Dade an sis zòn planifikasyon analize nan bi pou prezante nan reyinyon piblik yo pou **Plan Transpòtasyon Miami-Dade jiska lane 2030.**

Sis Zòn Planifikasyon Transpòtasyon se:

- Plaj - Santral Distrik Biznis (CBD)
- Santral
- Nòdwès
- Nò
- Sid
- Lwès



Popilasyon Miami-Dade lan va ogmante pa 43% ant 2000 ak 2030.

Anplwa Miami-Dade lan va ogmante pa 34% ant 2000 ak 2030.

## REJYONALIS

Youn nan reyalizasyon enpòtan Resansman 2000 lan se kwasans nan popilasyon ki fèt nan zòn iben Eta Florid nan Dènnye dizan ki sòt pase yo. Rezilta kwasans sa a se ke zòn iben yo devlope ansanm epi pandan menm tan sa a yo vini kole nan yon pwen kote yo vin genyen menm lizyè. Menm chema kwasans sa a ap kontinye atire atansyon ofisyèl responsab transpòtasyon yo ki ap eseye mete disponib wout ki konsistan de yon zòn iben a yon lòt zòn iben pou asire deplasman de yon zòn a yon lòt. Kòm rezilta kwasans sa a, resansman 2000 lan

rekonèt nesite pou deziye de mòso Konte Miami-Dade, Broward ak Palm Beach kòm yon grenn zòn iben senp. Menm zòn atenan yo ansanm ak zòn deziye sa yo ki sipoze ap vin iben nan pwochen 20 an yo. Deziyasyon ki fèt nan Resansman 2000 lan va mande pou devlopman ak aplikasyon yon plan rejyonal kowòdone alontèm. Plan sa yo va enkli pwojè priyorite kowòdone yo, pwosesis patisipasyon piblik rejyonal epi kowòdinasyon pwosesis kalite lèzè pou asire ke plan yo konfòm sou tout deman depeze dapre lizyè MPO yo.

## KI PWOCHEN ETAP?

Yon fwa ke Plan Bezwen an fin devlope, baze dapre done piblik lan, yo va evalye pwojè sa yo baze sou Objektif ak Bi Pwojè. Yo priyorize pwojè sa yo baze sou evalyasyon sa a ki pou ede devlope Plan Frè Fezab 2030 ki rekòmande an. Plan Frè Fezab lan balanse pwojè nesèsè yo ak resous finansye prevwa ki disponib yo.

## NOU VLE KE IDE PA NOU YO FÈ PATI SOLISYON AN!



Pandan tout ane 2030, yo kwè ke kwasans popilasyon Konte Miami-Dade Lan va ogmante pa 43 pousan epi anplwa yo va ogmante pa 34 pousan! Defi an gran anpil pou kreye yon sistèm transpòtasyon a yon pri pi efikas pou Konte Miami-Dade.

**Tanpri voye ide w yo bay nan:**  
**Project Manager, Miami-Dade Transportation Plan to the Year 2030**  
**111 N.W. First Street, Suite 910, Miami, FL 33128**

**Telefòn: (305) 375-4507 • Faks: (305) 375-4950**  
**Sitwèb: [www.miamidade.gov/mpo](http://www.miamidade.gov/mpo) • e-mail: [mpo@miamidade.gov](mailto:mpo@miamidade.gov)**

